


Kisa w panse osijè lekòl pitit ou?

Reponn yon kesyonè ankèt pou prentan sa a.



Department of Education

Michael R. Bloomberg, Mayor | Joel I. Klein, Chancellor  
[www.nyc.gov/schools](http://www.nyc.gov/schools) or call 311



Depatman Edikasyon vil Nouyòk

Michael R. Bloomberg, Majistra  
 Joel I. Klein, Chanselye

## Responsablite : Kisa mo sa a vle di pou fanmiy ou?

Depatman Edikasyon ap bay fanmiy yo :

### ✓ PLIS ENFÒMASYON ITIL

- **Rapò sou lekòl yo** : Apati mwa Septanm 2007, w ap resevwa yon "Rapò sou Pwogrè" osijè lekòl pitit ou a. N ap bay lekòl la yon nòt A, B, C, D, oswa F dapre pèfòmans ak pwogrè elèv yo, prezans yo lekòl, ak rezilta sondaj nou fè sou paran, pwofesè ak elèv yo.
- **Rapò sou pwogrè pitit ou a** : Apati ane k ap vini an, pral gen rapò disponib regilyèman pou montre pwogrè pitit ou ap fè nan Alfabetizasyon ak Matematik. Apre ap ajoute rapò sou Syans ak Syans sosyal.
- **Rapò sou Evalyasyon kalite** : Depi ane sa a, ou ka chèche konnen si lekòl pitit ou a pare pou ede elèv yo aprann. Edikatè ki gen eksperyans ap obsève salklas yo, epi y ap koze avèk direktè lekòl yo, pwofesè yo, paran yo, ak elèv ki nan chak lekòl. Rapò 5-10 paj yo fè sou chak lekòl disponib pou tout paran yo lè yo fin fè evalyasyon an.

### ✓ POSIBLITE POU EVALYE LEKÒL PITIT OU A

- **Ankèt yo** : Byento, w ap ka fè Depatman Edikasyon *Department of Education* (DOE) konnen sa w panse osijè lekòl pitit ou a lè w ranpli yon kesyonè sondaj sou paran. N ap fè yon sondaj tou sou pwofesè yo, elèv lekòl pre-segondè ak elèv lekòl segondè pou nou detèmine kouman lekòl yo ap ofri tout manm kominote yo sèvis.
- **Patisipe nan yon Evalyasyon kalite** : Ou kapab sèvi kòm volontè pou pale avèk yon edikatè ki gen eksperyans osijè lekòl pitit ou pandan y ap fè Evalyasyon kalite a chak ane. Kontakte lekòl pitit ou a pou w ofri sèvis ou kòm volontè.

Lè pa w rive pou nou tande opinyon w :  
**REPONN KESYON NAN YON SONDAJ SOU LEKÒL PITIT OU A**

(Jwenn plis enfòmasyon nan ti liv sa a)  
 Chèche gade sondaj yo  
 30 avril 2007

**Kouman yo evalue lekòl yo nan Rapò sou Pwogrè yo?**

**Nan Rapò sou Pwogrè yo**, y ap bay chak lekòl yon nòt A, B, C, D, oswa F apati mwa Septanm 2007. Lekòl yo bay A ak B yo ap kalifye pou resevwa rekonpans. Y ap pran mezi kont lekòl ki pran yon nòt fèb.

**Evalyasyon lekòl yo baze sou twa bagay :**

- **Anviwònman lekòl la**—Kote yo konsidere prezans elèv lekòl ak rezilta sondaj onivo paran, elèv, ak pwofesè yo.
- **Pèfòmans elèv yo**—Kote yo evalue nòt elèv lekòl primè ak elèv lekòl pre-segondè chak ane nan egzamen Leta Nouyòk *New York State* (NYS) bay nan Lang e Literati angle *English Language Arts* (ELA) ak Matematik. Pou lekòl segondè yo, yo evalue pousantaj elèv ki resevwa diplòm ak pousantaj elèv ki gradye.

**Pwogrè elèv yo**—Evalyasyon lekòl yo baze sou kantite pwogrè elèv yo fè an mwayèn pandan ane akademik la nan matyè tankou Lektif, Redaksyon, Matematik, Syans, ak Istwa. Yo bay elèv ki pa travay byen nan kòmansman ane a, sa k ap aprann lang angle *English language learner* (ELL), ak sa ki nan pwogram Edikasyon espesyal yon atansyon espesyal.

Rapò sou pwogrè yo disponib sou Entènèt, e pibliye nan tout lekòl yo.	Septanm 2007
---	--------------

**Kisa yon Evalyasyon kalite ye?**

**Evalyasyon kalite** se yon vizit 2-3 jou yon edikatè ki gen eksperyans fè nan chak lekòl leta vil Nouyòk pou pale avèk paran, elèv ak manm pèsonèl lekòl yo, pou obsève salklas yo, epi pou revize fason lekòl yo itilize enfòmasyon ak jan yo detèmine objektif pou amelyore aprantisaj pou tout elèv.

**Rapò sou Evalyasyon kalite yo dekri :**

- Fason pwofesè ak direktè lekòl yo okouran pèfòmans chak elèv.
- Fason lekòl la byen planifye ak fikse objektif pou amelyore aprantisaj chak elèv.
- Nan ki pwen lekòl la travay pou atenn objektif aprantisaj li fikse pou elèv li yo.
- Nan ki pwen lekòl la swiv pwogrè chak elèv pandan tout ane a, e fè chanjman pou asire tout elèv yo bay plis rannman.

Y ap bay lekòl yo yon nòt total onivo kalite, de y ap mete nan Rapò sou Pwogrè a. Yon rapò 5-10 paj sou Evalyasyon kalite a ap disponib pou tout paran yo sou Entènèt sou sit wèb [www.nyc.gov/schools](http://www.nyc.gov/schools).

Rapò sou Evalyasyon Kalite yo disponib sou Entènèt	Ane akademik 2006/07
--	----------------------

**Kisa Evalyasyon peryòd yo ye?**

**Evalyasyon peryòd** se zouti dyagnostik edikatè yo itilize sou kèk mwa pandan ane akademik la pou kolekte enfòmasyon sou bezwen aprantisaj elèv yo, ak kantite pwogrè elèv yo fè.

Lekòl yo chwazi Evalyasyon peryòd ki pi enpòtan pou bezwen aprantisaj elèv yo.

Evalyasyon peryòd yo ap ede paran yo swiv pwogrè pitit yo tou.

**Evalyasyon peryòd :**

- Idantifye nan ki domèn yon elèv maton ak bezwen li yo regilyèman.
- Ede pwofesè yo fè pwòp evalyasyon yo ki baze sou bezwen chak elèv apa.
- Endike pwogrè onivo aprantisaj yon elèv pandan ane akademik la e atravè plizyè ane akademik, epi endike pèfòmans elèv ka genyen nan egzamen NYS.
- Evalue pwogrè yon elèv onivo konpetans li nan lang angle ak panyòl, epi endike pèfòmans elèv yo ka genyen nan egzamen NYS mete anplas pou ELL.
- Pran ankonsiderasyon bezwen elèv yo, pa egzanzp elèv ki nan Edikasyon espesyal, ki anreta dezan oswa plis onivo nivo klas yo.

Evalyasyon peryòd yo disponib pou lekòl yo ak paran yo	Ane akademik 2007/08
--	----------------------

**Kisa ARIS?**

**ARIS** Sistèm inovasyon ak Rapò sou reyisit *Achievement Reporting and Innovation System* (ARIS) se yon sistèm òdinatè modèn ki pèmèt paran ak edikatè yo wè yon sèl kote, tout enfòmasyon enpòtan sou aprantisaj chak elèv.

**ARIS pral montre fanmiy yo :**

- Pèfòmans pitit yo bay nan egzamen NYS yo.
- Pèfòmans pitit yo nan evalyasyon peryòd yo fè nan klas la.
- Pwogrè pitit yo depi Jadendanfan rive klas 12yèm ane.

**ARIS ap ede edikatè yo :**

- Swiv ki kantite bagay chak elèv ap aprann, epi idantifye bezwen yo.
- Kontwòle kouman pwofesè yo anseye.
- Bay enfòmasyon osijè metòd ki pote bon rezilta, epi ede yon edikatè aprann nan men yon lòt osijè jan pou amelyore enstriksyon pou tout elèv.

Pwofesè ak direktè lekòl yo ap gen aksè onivo sistèm ARIS la sou Entènèt	Septanm 2007
Y ap voye ba paran yo nouvo rapò enprime osijè pitit yo ak lekòl yo	2007/08
Paran yo ak lekòl yo pral gen aksè onivo sistèm ARIS la sou Entènèt.	Septanm 2008

**Ankèt sou paran, pwofesè, ak elèv yo ap pare byento!**

**Pou kisa?** Pi bon jan pou DOE jwenn enfòmasyon osijè pèfòmans yon lekòl ak anviwònman aprantisaj li se poze moun ki pi byen konnen lekòl la kesyon. Kidonk, n ap mande tout paran, pwofesè, ak elèv reponn kesyon ki nan fèy sondaj osijè lekòl yo, epi fè nou konnen jan yo panse lekòl pitit yo a ap amelyore pwogrè ak rezilta elèv yo. Rezilta yo ap reprezante yon pati nòt y ap mete nan Rapò sou pwogrè chak lekòl.

**Elèv ak pwofesè yo :** W ap gen pou reponn kesyon sondaj yo nan lekòl la.  
**Paran yo :** Si pitit ou a nan lekòl primè, chèche kesyonè sondaj la nan sakado pitit ou a. Si pitit ou a nan lekòl presegondè oswa nan lekòl segondè, n ap voye kesyonè ankèt la ba w pa lapòs. Tout paran yo kapab voye kesyonè ankèt yo ranpli a pa lapòs (frè lapòs sou anvlòp yo tou peye) oswa yo ka ranpli kesyonè a sou Entènèt. Si w vle jwenn plis enfòmasyon, al nan sit wèb [www.nyc.gov/schools](http://www.nyc.gov/schools) oswa telefòn 311.

**Gaye nouvell la :** N ap voye ba w enfòmasyon osijè sondaj yo nan lèt n ap mete nan sakado elèv yo pou pote lakay yo, nan kourye dirèk, nan imèl, ak nan reklam. Opinyon paran yo enpòtan pou siksè lekòl nou yo, kidonk reponn yon kesyonè sondaj pou fè responsab lekòl yo konnen sa ou panse, epi tou ankouraje lòt paran yo reponn kesyonè sondaj yo.